823(5Qar)
Q-50

# JER, AY HÁM TULPAR-RAKETA HAQQÍNDA ERTEK



**Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока**

Количество предыдущих выдан ____________

| | |
|---|---|
| ~~23. 01. 17~~ | ~~251.~~ |
| ~~9.02.19.~~ | ~~29~~ |
| ~~8.04.19~~ | ~~797~~ |
| ~~29.06.19~~ | ~~237~~ |

…зб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-9…
тир. 4.700 00 Г П Зак Б-22

82.3 (5Qar)
A
Q-50

# JER, AY HÁM TULPAR-RAKETA HAQQÍNDA ERTEK

*(Qaraqalpaq xalıq ertegi)*

NÓKIS
«QARAQALPAQSTAN»
2016

UDK: 398.21(575.172)
BBK: 5Qar
Q-50

**Jer, ay hám tulpar-raketa haqqında ertek** *(Qaraqalpaq xalıq ertegi).* — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-jıl, 24 bet.

ISBN 978-9943-4732-5-6

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87880

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.
© Qaraqalpaq xalıq ertegi, 2016-j.



Áyyemgi zamanlarda Jer menen Ay dos bolǵan. Olar sheksiz aspan keńligin sayaxat etken. Biraq ta,





bir kúni jeńil minezli Ay maqtana sóylep, Jerge bılay dedi:

— Meni seniń menen turıw zeriktirdi, endi juldızlarǵa baraman. Olar kóp. Olar menen birge turıw maǵan kewilli boladı.





— Olay etpe, qımbatlım. Oǵan jetiw ushın mıń jıllar kerek bolatuǵınlıǵın bilip qoy. Bári bir juldızlarǵa jete almaysań. Ay soǵan qaramastan.

— Baraman dedim be, baraman, — dep ójetlendi.



Solay etip, Ay jolǵa shıǵıp ketti. Keynine qaramastan kóp-kóp kúnlerdi hám sonshelli túnlerdi ótkerip ol juldızlarǵa jetti.



Juldızlar bolsa burınǵısınan heshqanday ózgermesten, gúmistey jıltırawın dawam etti. Jerdiń durıs aytqanın Ay endi ǵana tú-





sindi. Ol qattı sharshaǵanlıqtan hálsiredi.

Biraq ta endi kesh, boları bolǵan edi. Al, oǵan keyin qaytıw bolsa uyat. Sonnan berli óziniń ójetligine uyalıp, Ay, Jer dógeregin aylanatuǵın boldı.



Aradan kóp waqıtlar ótti. Aydıń qartayǵanlıǵı bilindi.

Betinde kóp jıyrıqlar payda boldı. Álle qashan-aq burınǵı tirishilik hám jeńil minezlilik joǵalǵan edi. Aqırında Ay ınjıla basladı.

— Súyiklim, bizler eski dos-



larmız ǵoy. Seni meniń taǵdirim qızıqtırmay ma?

Jerdiń ayra túspewin, rehim etiwin sorap kóp jalındı. Aqırında Jer Ay menen jarasıwdı maqul kórdi.

— Meyli, men keshiremen, qaytıp kelińiz, — dep Jer kelisim berdi.

— Oy, raxmet, — dedi quwanıshlı túrde Ay biraq ta



sol waqıttıń ózinde qayǵılı dawıs penen jáne ol:

— Men qartaydım, hesh haldármanım qalmadı, óziń meni alıp ket, — dep ótinish etti Jerge.





Jer oylanıp qaldı hám óziniń perzentleri — adamlarǵa qarata:

— Barıńlar. Aydı alıp kelińler, oǵan ne bolıp qalǵanın bilińler, — dedi.





RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
22880

Ay: «Adamlar sonday kishkene... Olar qalayınsha mağan shekem jetiw qolınan keler eken,» — dep gúmanlandı.

Jer bunı sezdi hám: «Adamlar hár nársege uqıplı, olar kúshli» dep túsindirdi.

Ay gáptiń keyinine shekem esitip úlgermey-aq, aylana dógereginde tolğan tútin boldı.

Tanawman jıldırımday bir neshe nur shashqan qanatlı Tulpar payda boldı. Ol júdá tez pát penen ushtı, mańlayında juldızlar, al tósi jarqırap nur shashıp tur.









— Seniń atıń kim? — dep soradı ushqısh qanatlı Tulpardan hayran qalǵan Ay.

Tulpar maqtanısh penen tútindi bólip-bólip bılǵap: «Meniń atım — Raketa. Jerdegi adamlar seniń awhalıńdı biliwge jiberdi.

Al, tez kúnde olar saǵan ózleri de keledi,» — dep juwap berdi.

Ay quwanıp, ruwxlanıp qaldı.

Ol endi eń aqırında burıngı



dostı Jerdiń shın dos ekenligin kórip hám adamlardıń tań qalarlıq kúshine isendi.

# JER, AY
# HÁM TULPAR-RAKETA
# HAQQÍNDA ERTEK

*(Qaraqalpaq xalıq ertegi)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis— 2016*

*Redaktor* *B. Zivarova*
*Xudojnigi* *A. Jarimbetov*

**Licenziya Al №114.**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı
26. 03. 2016. Qaǵaz formatı 60x84 $^{1}/_{16}$.
Ofset usılında basıldı. Garniturası — «Times». Kólemi 2,0
b/t., 1,30 shártli b/t., 1,52 esap b/t.
Jámi 1000 nusqada.
Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa №555.

«Niso Poligraf» JSHJde basi'p shi'g'arildi'.
Tashkent wa'layati', Orta Shi'rshi'q rayoni' «Aq ata» APJ,
p. Mashal, Markaz ko'shesi, 1.